# SAKING PAKEMPALAN.

**PAREPATAN K. W. AMBARAWA**
**26 - 7 - '31.**

Wiwitipoen djam 9,20, bibaripoen djam 1. Rama Parampara boten saged rawoeh. Warga ingkang rawoeh 19 (soewanten 29), tamoe 1.

Prakawis-prakawis ingkang perloe kinabaraken:

1. Nampi warga énggal 3: Hr. B. Prawirapratama, Hr. Dwidjasoesanta, Hr. Siswawinangoen.

2. Margi saking pindahipoen pandjenenganipoen R.M. Soerjobonoroesid, ladjeng ngwontenaken pilihan panitra. Ingkang kapilih sadèrèk P. P. Hardjaatmadja.

3. Angsal-angsal saking Congrès P.K.W. ingkang kapengker. Hr. Tjokrowardojo ndorèngaken poenapa ingkang karembag wonten ing Congrès P. K. W., ingkang ndadosaken marem lan senengipoen para warga sanèsipoen.

4. Netepaken Santo Pangajomanipoen K.W. Manoet soewanten ingkang katah pijambak ingkang kapilih: Santo Joesoep. Gandèng prakawis poenika manawi pinoedjoe riajanipoen Santo Pangajoman, para warga sami kaadjak ndèrèk Mis Soetji lan tampi Panoenggal Soetji, kanggé widadaning pakempalan.

5. Maos serat saking Hr. Martadeksana, secretaris H. I. S. Trijasa ing Medari. Kita sadèrèk ing Ambarawa roemaos ageng manahipoen, déné jejasan kita H.I.S. Trijasa ing Medari sampoen kénging tiningalan, nanging oegi tansah ndèrèk prihatos, déné taksih katah alang-alangan, ingkang ngegol-egoli adjenging H. I. S. Trijasa waoe.

Panitra: *P. P. Hardjaatmadja.*

**Parepatan warga W.K. Mataram tanggal 6 Aug. '31, manggèn dalemipoen Mevrouw Wargapranata ing Ngampilan.**

I. Ingkang rawoeh warga 16. tamoe 5.

II. Parepatan kabikak ± djam 6, mawi ngloehoeraken asma Dalem Sri Jésoes.

III. Rembag-rembag lan poetoesan.

1. Pamboeka.

2. Maos pèngetan parepatan kapengker kapanggih absah.

3 Bab oesoel².

4. Pitakénan.

5. Panoetoep.

IV. Woedjoeding rembag².

a. Badé ngawontenaken pista taoenan, kanggé para warga. Kadawahaken dinten malem Ngahad (15 Aug. '31). Manggèn ing dalemipoen Mevrouw Djajaéndra (Langenardjan). Endjingipoen para warga ndèrèk njaosaken koerban Mis lan nampi Comm. sasarengan. Wonten ing Grédja Santo Joesoep.

b. Bab oeba rampéning pista waoe, inggih ingkang woedjoed dahar-daharan. oendjoekan lsp. badé kaasta (kaotjal) para warga pijambak, sasarengan ngiras kanggé sinaoe.

c. Sarèhning para iboe sami kapistakaken, poetra² (kinderen afdeeling) oegi boten kantoen. Éndjingipoen (Ngahad 16 Aug.) sowan Grédja, tampi Comm. sasarengan, bakda Grédja kapistakaken wonten ing Zusteran. Para iboe ingkang ngersakaken rawoeh katampi kanti bingahing manah. Soepados mewahi senenging laré-laré waoe.

V. W.K. Mataram oegi badé ngawontenaken excursie sareng lan pak. K. W. kadawahaken 31 Aug., jèn boten wonten alangan. Wondéné ingkang kapoeroegan ngentosi pamrajogining sd. K.W.

VI. Missie ing Bara. Padoeka Rama F. X. Satiman sampoen karsa paring pitoeloengan soepados tijang-tijang ing doesoen Bara waoe sami nglestantoena anggènipoen njamboet damel nenoen. Barang ingkang sampoen dados woedjoed setagèn. W.K. Mataram kadawoehan ngréntjangi njadèkaken kénging mendet bati kanggé Studie-fonds K.W. lsp. Kala samanten sampoen kabekta dateng parepatan kamoefakatan dateng sadèrèk bab reginipoen kawisen poenapa boten.

VII. Kinten-kinten djam 8 par. katoetoep kanti ngloehoeraken Pangéran.

Vérslagster
*G.W.*

---

waoe kasanggi tijang alit ing panggénan ngrikoe, kagebag ratjak boten kirang f 1.— (saroepijah.). Papanipoen wonten ing Keloerahan oetawi Kebajan. Tjekak aos tijang sami seneng-seneng, manganggé sarwa saé lan toewi-tinoewi (mèh kados bakda). Ing atasipoen djaman mlesek arta kados makaten, saiba jèn mirah arta ..... Mangka nalika Soera sami soeran, ratjak sami ngingkoeng djago (djagoan).

Woelan Moeloed poenika moeloedan ngingkoeng malih, woelan saé sanèsipoen id. Koela takèn sababipoen poenapa woelan Sapar sami saparan? Wangsoelanipoen boten goematok namoeng: sampoen adatipoen makaten. Sasoemerep koela sanès panggénan ing woelan Sapar ingkang wonten titingalan (ramé-ramé) namoeng ing Djatinom (Klatèn), sasat dados pasoedjarahan. Tijang bawah Djocja, Solo, Salatiga lsp. katah ingkang sami mrikoe. Ombjaking tijang kados grebeg ing Djocja oetawi Solo, nanging tijang alit boten kepeksa ngawontenaken ragad, sareng ing Ngablak kepeksa ngawontenaken. Dados ing riki tijang alit poenika katah sanget sasanggènipoen woelan ingkang ngawontenaken ragad, dèrèng jèn mangsanipoen tijang gadah damel (mantoe, soepitan lsp.), langkoeng-langkoeng ing Ngablak poenika. Poenapa para panoentoen oetawi para kawogan, ngémoeti djaman samangké poenika, boten saged ngoedi (nerangaken) moerih soedaning padatan ingkang katah ragadipoen poenika. Mangka goenanipoen kados boten sapintena.

Wasana sadaja waoe namoeng koela soemanggakaken dateng para linangkoeng.

Taklim koela
*tijang redi Merbaboe.*

N.B. Kadjawi poenika njoewoen katrangan kados-poendi pamanggihipoen para pangageng, sapoenika wonten dawoeh saking Inspecteur loemantar Inl. Sch. Com. ingkang wosipoen tijang R.K. ing dinten ageng Kristen boten kénging (boten gampil) nilar padamelanipoen, perloe dateng Grédja.

**Wangsoelan Red.**

Sampoen koela takèkaken dateng pangageng, poetoesanipoen: Jèn ing pamoelangan Goepermènan goeroe **idjèn**, samangsa badé dateng Grédja oepami 15 Agoestoes, ladjeng ngliboeraken, poenika prajogi boten dateng Grédja kémawon.

Jèn boten idjèn, samangsa Mantri boten gadah alangan, inggih dateng Grédja. Kasèp sakedik anggènipoen moelang, boten dados poenapa. Nanging jèn Mantri boten roedjoek margi ladjeng damel kisroeh, inggih boten dateng Grédja. Goeroe ingkang kanti ngrekaos sanget mlebetipoen Grédja, boten kawadjibaken.

## KAMLARATANING BANGSA KITA TIJANG DJAWI INGKANG RATJAK MARGI...........

Para maos, saking pamawas koela, bangsa kita Djawi poenika kanggé ratjak, inggih ingkang prijantoen loehoer, tijang alit, tijang ingkang soegih, oegi ingkang namoeng tjekap, malah ingkang klebet mlarat, sadaja waoe ingkang ngrasoek agami lan ingkang boten, sasoemerep koela panganggéning arta kanggé gesangipoen, jèn ta kénginga koela printji², kirang langkoeng makaten:

1. Arta waoe sapérangan kanggé njekapi tek-kliwering grija kanggé sabrajat, (dados ingkang kanggé neda).

2. Arta kanggé wiloedjengan.

3. Arta kanggé madoekoen-madoekoen oetawi soedjarah oet. tirakat dateng sanès nagari oetawi doesoen ingkang toedjoenipoen klebet goegon-toehon. Poenika jèn kénginga kapanta-panta dados boten teka makaten saèstoe. Wontenipoen temtoe arta waoe katjampoer. Ingkang koela atoeraken waoe temtoe kémawon boten sadaja, temtoe wonten ingkang menjalahi hoekoem alijas njebal patokan. Nanging jèn koela titi saèstoe, saben kampoeng ingkang taksih nindakaken panganggéning arta tjara 3 prakawis waoe ± temtoe wonten 75%, dados nama boten sakedik. Sapoenika mangga koela atoeri niti saèstoe poenapa anggènipoen ngoebengaken arta kanggé 3 prakawis waoe ratjak saged tjekap, poenapa malah tombok? Terangipoen bab 1 poenika sampoen djamakipoen, djer oeger saged anggènipoen ngoebetaken arta, inggih boten badé tombok njamboet-njamboet. Nanging djaman samangké ratjak-ratjakipoen, malah djaman roemijin saleresipoen inggih toemindak, bangsa kita Djawi poenika nama boten étangan, liripoen kénging koela paribasakaken: Kegedèn empjak koerang tjagak (besar soeap dari pada sendoek). Tjobi ta koela atoeri mireng-mirengaken, rak taksih katah tetemboengan: „Ana akèh ja dipangan akèh, ana satitik ja koedoe mangan akèh, angger mangan!" Lo rak kesangeten, lah poenika poenapa boten badé ngrisak kantong, poenapa kantja èstri ingkang blandja tembé wingking boten badé kalampah mrebes mili. Manoet tjara ingkang leres, blandja kanggé betah ing saben dinten kaadjegna sasaged-sagedipoen, kadjawi ta jèn wonten aral, poenika prakawis kadjawi. Oepami sadinten gadah pamedal f 1,10, tjekap kateda f 1 ingkang 10 sèn katjèlèngana, boten teka kanggé tambah tetoembas barang ingkang boten perloe, poenika nama boten étangan. Nanging kosok-wangsoelipoen jèn tjekap f 1, sampoen teka ladjeng kedah nelasaken f 1,50, mangka saben dinten. Lah ingkang f 0,40 ngrogoh poendi? Temtoenipoen inggih njamboet, lah jèn sampoen gebèl kados-poendi, inggih temtoenipoen doemawah ing kamlaratan. O mila Theorie lan practijkipoen asring boten trep, nanging jèn dipoenatos-atos inggih saged. Nanging kémawon bangsa kita Djawi poenika taksih kirang sanget ingkang poeroen ngetjakaken pranatan ingkang adjeg, wasana pawingkingipoen inggih dados kekirangan.

*Katrangan sakedik, ingkang kaseboet ing pérangan no. 2, 3 ingkang ateges goegon-toehon kita gotrah Katholiek boten nindakaken, djer malah dados awisan ageng. Jèn ta wonten ingkang nindakaken, nama nerak angger-angger.*

Ingkang kaseboet ing no. 2, bangsa kita Djawi, ooo, sadèrèk taksih katah sanget ingkang nindakaken, langkoeng-langkoeng sadèrèk Djawi kolod. Mila jèn boten kleresan inggih saged adamel kamlaratanipoen. Para maos, kados-poendi anggènipoen boten ladjeng soegih samboetan kanggéning tijang ingkang sakinten boten tjekap, djer saben taoen-taoenipoen apes wiloedjengan × 5 inggih poenika: Roewahan (ngapem), Selikoeran (ngawontenaken sekoel woedoek oetawi boeah-boeahan lan tetedan), Bakdan (koepatan oetawi sekoel poenar), Soeran (djenang manggoel), Moeloedan (sekoel goerih); lah poenika rak arta kémawon ta. Mangka dèrèng sadaja wiloedjengan poenika, mila koela matoer apes × 5. Kanggéning bangsa kita Djawi, isin manawi boten saged wiloedjengan boten kètang njamboet-njamboet oetawi nggantos-nggantosaken. Adjrih jèn boten kawales oetawi kaalem tangga tepalih. Lan kadjawi poenika inggih margi taksih sanget anggènipoen goegon-toehon. O memelas! Lah jèn saben-saben wiloedjengan njamboet oetawi nggantosaken kados-poendi kadadosanipoen tembé wingking? Langkoeng-langkoeng kanggé sadèrèk ingkang boten tjekap? Poenika dèrèng sadaja taksih katah toelada-toelada sanès, kadosta jèn gadah damel mantoe, soepitan, babaran lsp., anggènipoen djagongan boten trimah sadinten sadaloe, malah wonten ingkang ngantos 2 minggon taksih djagongan, toer mawi ngedalaken bangkoe andap lan kertoe alijas main, oetawi tajoeban, ringgitan lsp. Poenapa poenika boten arta kémawon? Apes kanggé wédangan lan njamikan; menggah toedjoenipoen kirang langkoeng kanggé ngoepados pradja, kadjengipoen koentjara lan kadjèn. Inggih jèn pinoedjoe oebjang-oebjoeng makaten poenika senengipoen, ngantos boten étangan. Boten kamanah tembé wingkingipoen. Mila inggih boten nggoemoenaken, jèn katah sadèrèk kita Djawi bibar mantoe oetawi gadah damel sanèsipoen, kantoen sangga oewang, ngeloes-eloes dada, mrebes teles, ngraosaken grija sampoen katjepengaken (kasamboetaken arta), sabinipoen dadal, panganggé (rerenggan) mlebet pandhuis. O memelas! bangsa kita, samanten lo kamadjenganipoen. Wonten ing sabab-sabab ingkang poendi doemawahipoen kamlaratan?

Katrangan bab no. 3. Bangsa kita Djawi manawi ginandjar sakit, kilap anak, sémah oetawi badanipoen pijambak, ingkang taksih kolod, inggih sapérangan ageng, poeroeg-ipoen anggènipoen ngoepados djampi temtoe dateng doekoen, nembé samangké kémawon ingkang sampoen ngarsakaken dokter.


**VAN LITH - STICHTING**

Poenapa pandjenengan
kanggé woelan
poenika sampoen
ngintoenaken
arta
contributie
kanggé
V. L. S.

Penningmeester V. L. S.
2e. Convict
Moentilan N. I. S.


Awit wonten ingkang gadah pamanggih jèn dokter poenika sakit poenapa kémawon temtoe kabedèl, oetawi dipoenpati rasa oet. kasenggroek. O, mila boten kirang sadèrèk Djawi sanadjan arta kanggé doekoen ingkang dèrèng sampoerna kawroehipoen waoe roemèbèl kémawon inggih dipoentemah. Mangka kebak goegon-toehon, sadaja mawi wiloedjengan, terkadang djampi-djampinipoen ngeneg-enegi, ngoepadosipoen badé djampi waoe aèng-aèng. Oepami: „Niki pandjoepoeké banjoe kanggé ngedjoeri djamoe koedoe wajah djam 3 bengi, teng soemoer pitoeng enggon." Toenggilipoen: „pitiké sing poetih moeloes, tindihé rong roepijah enz. enz. Sampoen tjekakipoen prakawis wiloedjengan, goegon-toehon, sanadjan doemoegining njrantil meksa dèrèng soeda-soeda. Poenika sadaja madoekoen prakawis nandang sakit. Wonten malih ingkang kamlaratanipoen margi madoekoen-madoekoen perloe ngoepados kasoegihan, kadradjadan, adamel tjilakaning sanès margi panas tèn, badé ngarah poen Dadap oetawi Waroe, soepados anakipoen èstri kapoendoeta Ratoe lsp.; poenika sadaja jèn madoekoen temtoe artanipoen boten kendat-kendat, malah inggih saged ndadalaken grija oetawi pémahan. Mangka pakèning doekoen oetawi préwangan oet. goeroe Djawi, sok néka-néka. Oepami kedah soedjarah dateng doesoen anoe oet. negari anoe, malih tirakat dateng redi anoe lsp. Mantoek soedjarah oetawi tirakat kedah wiloedjengan; poenapa poenika sadaja gratis? Kados para maos sampoen saged paring wangsoelan. Lah poenika megalo, kamadjenganipoen bangsa kita Djawi. Poenapa jèn saladjengipoen kados makaten badé saged kadoemoegèn ingkang dados idam-idamanipoen? Inggih poenika badé bawa pribadi. Hem, tijang administratie-nipoen taksih tansah geringen. Milanipoen para maos, koela njoewoen priksa sagedipoen kita noeloengi sadèrèk-sadèrèk kita ingkang taksih sami wonten ing djoeranging goegon-toehon, boten étangan, isinan ingkang boten pinanggih ing nalar lsp., ingkang dawahing endon doemoegi ing kamlaratan poenika, itjalipoen saking sakedik kados-poendi???

Koela sdr: *G. Bericht.*

## ÉBAHING DJAGAD PANGGESANGAN LAN PANGGAOTAN.

Koela sampoen ndongèng sawatawis bab koloniale tentoonstelling ing Paris (Vincennes), bab poenika kados boten perloe dipoenwangsoeli malih. — Ing.Sw. Tm. ngriki sampoen naté katjarijosaken bab gedong ageng ing ngadjeng setasijoen Betawi, gedong beton soengsoen tiga, ingkang ing ngandap kepara tjéngkok tjandi, agengipoen timbang lan setasijoen ingkang dipoenadjengaken, tjekak gedong sarwa sembada.

Gedongipoen sinten ingkang bregas lan djembar poenika? Kongsi Kromodjojo, Wongsodipo? Dédé! Nojo? dédé? Sinten? *Nederlandsche Handel-Maatschappij!*

Rèhning kita dèrèng gadah kongsi-kongsi ingkang djempol lan digdaja kados Ned. Hand. Mij waoe, mangga, boten wonten awonipoen njinaoe sawatawis babad lan kawontenanipoen kongsi digdaja waoe, bok bilih béndjing saged ketoelaran. Dados kirang langkoeng kénging dipoentemboengaken Ngalap Berkah.

* *
*

Badé landesan boekoe oetawi artikelipoen sinten kita badé njinaoe bab waoe? Boten tebih-tebih, kita pok kémawon wawaton karanganipoen C. J. K. van Aalst, *dirèktoering* kongsi waoe, ingkang kepalanipoen moengel: *La Nederlandsche Handel-Maatschappij et sa sphère d' activité*) kongsi dagang Néderlan dalah kawontenaning tradjangipoen).

Manoet artikel waoe:

Kongsi dagang Néderlan poenika madegipoen kala taoen 1824, dados setaoen ngadjengaken djaman gèçèr Diponegaran. Madegipoen margi saking karsa dalem Nata Willem ingkang kapisan. Ing kawitan kongsi dagang poenika namoeng nampèni woeloe-wedaling siti ingkang dados darbèking pamaréntah.

Kadjawi mendeti dagangan saking Noeswantara, kongsi waoe inggih kilak dagangan saking Djepang, Tjina lan Amérika kidoel (tanah Gwiana). Lan sapoenika pentolipoen panggaotan Welandi wonten Noeswantara boten lija inggih *Ned. Hand. Mij* waoe ingkang oemoemipoen kaseboet: kantor Factorij.

Manawi kita tjarijos bilih kala taoen 1905 bandanipoen kongsi waoe 80 joeta roepijah, taoen 1913 sampoen dados 170 joeta lan taoen 1929 sampoen andedel malih dados mèh satengah milliard roepijah, dados sampoen tjekap kanggé ngetingalaken bobotipoen kongsi waoe, toemrap Indonesia lan Néderlan, boten perloe ndadak mawi, njeboet paseksèn sanès-sanèsipoen malih.

Setengah milliard, mligi kagegem kongsi satoenggal til, dèrèng H.V.A., Nillmij. Javasche Bank enz. enz. enz.

Poenika waoe sadaja dadosa pil bratawali toemrap kita, amrih otot bajoe kita dadosa saja kijat, kakadjengan kita dadosa saja tanggon kanggé ngrebat papan saé wonten ing madyaning papan . . . panggaotan, papan rebat sekoel.

* *
*

Sapoenika bab sanès. *Het Nieuws* tjarijos: de tijden zijn veranderd. Mila makaten. *Het Nieuws* ngabaraken bab bandjir tètès ing Djawi wétan. Pabrik-pabrik ngrika tètèsipoen tirah-tirah, dipoenonjok-onjokaken dateng tijang doesoen . . . boten poeroen. Élok! Ladjeng? Ladjeng badé dipoenboetjal dateng lèpèn kémawon. nanging . . . negari menggak: „mengko, mengko, alon; bisa oega tètèsmoe matoeki sing pada adoes kali, tak takon gezondheidsdienst disik." Ladjeng dokter R. Soesilo kaoetoes mriksa ing papan-papan ingkang sami badé kebandjiran tètès .... wolak-walikìng djaman! sanjata tanah Djawi mila madoe! Memelas!

Bab gendis poenika mila katah ingkang karibedan. Tanah kedjawèn inggih wonten ingkang mèmper kados makaten: Wonten pabrik ingkang gendisipoen boebroek, mangka ing sabin taksih wonten teboe. Ladjeng teboe waoe katawèk-tawèkaken dateng tijang doesoen: „sapa gelem ngrembang, kena!" tijang doesoen boten kemlawé: „emoh, akoe ora boetoeh!"

Dados . . . bab gendis sampoen doemoegi ing wates. Donja sampoen *toewoek* gendis. Mangka Roeslan dèrèng Medali! Awit Roeslan sampoen njenggara matjan: „ati-ati, pasarmoe goela arep dak roeboehaké!"

Poenapa paman-tani badé énggal loewar saking tjengkeremaning pabrik gendis? Poenapa kantja tani badé telas koewatosipoen jèn soemerep pipa pabrik, margi badé boten ngoemendeng ngedalaken koekoes malih? O, moegi-moegi! moegi-moegi loerah-loerah mantoena dados tanganing pabrik.

## PANGANDIKA DALEM I. S. K. SANTO BAPA LEO XIII.

**I. Golongan socialist badé mitoeloengi kaoem berah sarana njoewak wewenang dedarbé pijambak-pijambak (eigendomsrecht).**

a. Amrih sagedipoen ngitjali kasangsaran waoe *(inggih poenika kasangsaranipoen kaoem berah), golongan socialist* ngodjok-odjoki tijang mlarat soepados mèri dateng tijang soegih sarta tjrijos, bilih wewenang dedarbé pijambak-pijambak kedah kasoewak ladjeng kagantos wewenang sami déné anggadahi sadaja gagadahan, ingkang kedah dipoenpranata déning pangagenging pradja oetawi gemeente. Amargi saking nggantos wewenang dedarbé pijambak-pijambak dados gadahanipoen tijang katah sasarengan, roemaosipoen golongan socialist: kasangsaranipoen kaoem berah saged itjal, amargi barang-barang sarta babatèn badé saged kaedoem waradin dateng sadaja tijang.

(Encycliek Rerum Novarum 15 Mei 1891).

**II. Manawi ngèlmoenipoen golongan socialist kaetjakaken, djagad kakantjan badé boten kanten-kantenan sarta kaoem berah badé saja tjilaka.**

b. Nanging sarana ingkang dipoenkadjengaken déning tetijang waoe *(golongan socialist)* saking boten djodonipoen kanggé ngitjali pasoelajan *(pasoelajanipoen kaoem djoeragan kalijan kaoem boeroeh)* ngantos kaoem berah malah saja tjilaka. Kadjawi poenika sarana kados makaten tjengkah sanget kalijan tindak adil, amargi poenika ngroda peksa tijang ingkang gagadahan kanti absah, sarta poenika nandakaken jèn klintoe babar pisan ing pangretosipoen dateng kawadjibaning pangrèh pradja poenapa malih damel bibrahing djagad kakantjan. *(idem).*

---

„De tijden zijn veranderd" tjarijosipoen *Het Nieuws*, mila njata. Roemijin Djimin mendet teboe saeler masoek boewi 3 dinten, sapoenika teboe pinten-pinten baoe boebroek. Paman tani dipoenpoerih ngrembang, kapoerih ngepèk, tanpa prabéja, kléwa-kléwa. Samanten. Teboe boebroek, gendis pinten-pinten éwoe karoeng mandeg ing tandon, lèpèn mili tètès, mahanani glagat djaman énggal! De tijden zijn veranderd . . . . . moegi-moegi paman Tani tjekapa karahardjanipoen.

* *
*

Ing *Swara-Tama* 17 Juli (no. 29) koela sampoen matoer sakedik bab K.P.M. lan maskapé Oceaan, ingkang kalih-kalihipoen watawis sampoen sami oemoer 40 taoen.

Telas pamaos koela Sw. Tm. ingkang ngemot karangan waoe, perloe noewèni poenapa sampoen leres pangetjapipoen, kantja koela poen Anoe dateng, njela takèn: „mas Andaja, lah jèn *Nederlandsch Lloyd* oetawi apa?"

Koela goemoen sanget, batos koela: „é, é, ana kongsi anjar? Rotterdamsche Lloyd ana, oetawa kongsi Nederland, nanging Nederlandsche Lloyd??" koela ladjeng mangsoeli barès: „entènana 3 dina, bakda 3 dina tak wangsoeli, akoe saiki lagi riboet!" *(riboet* ingriki tegesipoen: doeroeng weroeh!).

Sedaloe koela boten saged tilem, batos koela: „ana-ana baé, takon bab Nederlandsche Lloyd, apa koewi!"

Sareng angsal kalih dinten koela kepanggih brajat ingkang mentas perlop saking Europa, koela takèni: „kowé ngerti Nederlandsche Lloyd?"

Wangsoelanipoen: „Ngerti baé!"

koela: „kapalé pira, madegé dèk apa?"

— „madegé wis soewé, akoe ora ngerti, ning kapal ora doewé!"

mireng wangsoelan makaten koela saja djoedeg, batos koela: „ana Lloyd ora doewé kapal! ada-ada sadja!"

Delalah mitra koela ingkang sinaoe ing Lyceum ngertos kabetahan koela, mbikak primbon lan tjarijos makaten:

*N. V. Nederlandsche Lloyd*, ikoe madeg ing Amsterdam ing taoen 1853.

Déné toedjoené nanggoeng barang-barang kang kobar oetawi kang kèrem ing segara. Nanging soewé-soewé pagawéané njarambahi sakabèhing verzekering kedjaba *tanggoeng djiwa.*

Ana Indonesia kéné anglijer Oost-Indisch Zee-en Brandassurantie lan Nederlandsch-Indische Brandwaarborg-Maatschappij. Déné saiki kantoré kedjaba ana Amsterdam oega ana ing Den Haag, Rotterdam, Groningen, Utrecht, Maastricht, Tilburg, Parijs, Brussel, Djakarta, lan doewé agèn ing saindenging djagad.

Pawitané ana f 4.000.000. lan kang woes dipasokaké 12% oet. f 480.000. Banda reserve ana f 933.000.

Doemoegi semanten primbonipoen

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA Telf. 252 — BANDOENG Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

**Frieling's Glansverf A**

(tjèt gilap)

kantoen ngoesar-oesaraken kémawon, teroes kénging kaanggé.

| Dipoenwadahi blèg netto | 10 | 5 | 2½ | 1 | ½ kilo. |
|---|---|---|---|---|---|
| sa-blèg . . . . . . | 9.— | 4,75 | 2,50 | 1,10 | 0,60 |

Kwaliteit (golongan) B, sa-blèg 10 Kilo . . . f 6,50.
5 Kilo . . . f 3,50.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Frieling's Verflak | no. 1 | sa-gendoel | f 0,90. |
| „ „ | no. 2 | „ „ | „ 0,70. |
| Lisah tjèt Walandi | | „ „ | „ 0,50. |
| Byta kanggé ngitjali tjèt | | „ „ | „ 0,30. |
| Artistico Calcarium | | sa-Kilo | „ 0,75. |

Glansverven (tjèt gilap) saben 100 K. G. angsal soedan 10%.

Pabrik tjèt **R. B. FRIELING**

HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN — DJOKJA.

Boeat toean poenja poenja

**Recept**

ERCEE

APOTHEKEN

**Rathkamp & Co**

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

**Sampoen kasedijakaken Papan pondokan kanggé laré èstri ingkang sekolah.**

Sinaoenipoen dipoenoelat-oelataken sarta dipoentoentoen.

Wragad mondok lan neda:

f 15.—

**HARDJADININGRAT.**

GOENOENG-KETOER, PAKOEALAMAN, NGAJOGJAKARTA.

TOKO DJOEN & Co

TELF.' NO. 374.

PATJINAN NGADJENG TOKO FUJI NGAJODJA.

◆◆◆ KANTI SAGOENGING OERMAT. ◆◆◆

Manawi para Prijantoen Kakoeng Poetri ameng-ameng ing Ngajodja,
**sampoen kesoepèn moendoet**
KOEWIH-KOEWIH OETAWI ROTI
ing toko koela kanggé angsal-angsal; ingkang wonten ing dalem temtoe ngraos marem, awit roti lan koewih-koewih koela, ingkang pendamelipoen mawi Electrisch, sampoen misoewoer nikmatipoen.
Poenapa boten pitados?
Mangga koela atoeri njobi, temtoe rena panggalih Pandjenengan.

◆◆◆ SANGET NJENJADANG SIH: ◆◆◆

**Toko DJOEN & Co.**

:-: AGENT :-:
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

**Speda-speda merk:**
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

**Ada sedia djoega speda merk:**
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.

Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

**PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.**
**Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.**

Mengharap pesenan:
**Rijwielhandel, Reparatie-inrichting dan Smederij:**
**WIRJOSOESENA**
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

lan Pasamoewan Soetji prasasat tanpa witjalan.

**Pasoelajan kalijan Fascist dèrèng menda.** Dipoenwartosaken jèn Mussolini badé dateng Vaticaan perloe badé bedamèn. Dipoenentosana roemijin kanjataanipoen.

**BOELGARI.**

**Missie ing rika ambetahaken Sekolahan Tengahan Katoelik.** Mitoeroet pangandikanipoen K. Biskop, Mgr. D. J. Theelen, Biskop ing Roesjoek (Boelgari): Boelgari tjatjah djiwanipoen wonten gangsal mlijoen; ingkang 4 mlijoen agaminipoen Schismatiek, sanèsipoen sapérangan ageng agami Islam; tijangipoen Katoelik wonten 50.000. Tijangipoen Katoelik mratjak empeng; nanging wonten alanganipoen sakedik, amargi ing doesoen-doesoen boten kénging ngedegaken sekolahan Katoelik pijambak. Ing kita-kita sekolahan Katoelik madjeng. Kadosta ing kita Roesjoek wonten laré 700 ingkang sami sekolah ing sekolahanipoen para Broeder lan Soester. Laré semanten waoe ingkang Katoelik dèrèng wonten sapradasanipoen. Poenika tanda, jèn sekolahan Katoelik boten dipoenemohi ing rakjat. Nanging Sekolahan Tengahan katjepeng ing negari, gratis lan atheistisch (dadasar boten ngandel dateng Allah). Ingkang poenika kanggé laré ingkang ngladjengaken sekolahipoen, wohipoen sekolahan andap Katoelik kerep itjal. Milanipoen Missie ambetahaken sanget dateng Sekolahan Tengahan Katoelik pijambak. K. St. Bapa inggih sampoen paring dawoeh andikakaken miwiti mbaka saklas. Poenika inggih sampoen kelampahan. Lan woelan September poenika klasipoen sampoen badé pepak, lan negari inggih badé soeka beslit njamèkaken kalijan Sekolahan Tengahan goepermèn, nanging kedah kajasakaken gedong sekolahan énggal. Sapoenika Mgr. Theelen wonten ing negari Wlandi nglempak-nglempakaken dana kanggé adeging gedong énggal waoe. (Mgr. Theelen pijambak asli saking negari Wlandi lan missienipoen-Boelgari-Lèr-poenika dados tjetjepenganipoen Rama-rama Wlandi). K. St. Bapa pijambak sampoen karsa paring toelada paring dana boten kirang saking f 20.000.

**Sekolahan Loehoer Katoelik ing tanah missie Wétanan.**

**Djepang:** Ing Tokio, universiteit „Jochi Daigaku" (poentjaking kawitjaksanan), dipoenadegaken déning Rama-rama Jésoewit Djerman t. 1913; t. 1923 risak margi lindoe; nanging sapoenika sampoen madeg malih wonten ing kampoeng sanès: Yotuya-Mitsuke.

**Tiongkok:** ing Shanghai universiteit „Aurora", kaedegaken déning Rama-rama Jésoewit Prasman t. 1903, gadah faculteit sekawan: rechten, letteren, medicijnen, wis- en natuurkunde. Ingkang moelang sami bangsa Tionghoa lan Prasman; sawenèh imam, sawenèh tijang limrah (leeken).

Ing Tientsin Sekolahan Loehoer kanggé handel lan nijverheid, oegi jasanipoen Rama-rama Jésoewit Prasman t. 1924. Ingkang moelang oegi sami bangsa Tionghoa lan Prasman.

Ing Peking (Peiping) universiteitipoen Rama-rama Benedictijn Amérikah, madegipoen t. 1924. Tjatjahing student-ipoen ing t. 1929—'30 wonten 345, ingkang Katoliek: 106.

**Hindia-Inggris:** ing rikoe missie boten gadah sekolahan ingkang djan nama universiteit, nanging gadah colleges kalih-dasanan ingkang kagamblokakaken ing universiteit-ipoen negari. Kadosta: ing Bombay, Calcutta, Madras, Mangalore, Trichinopoly, Palamcottah, Bangalore, Trichur, sami nampi student Katoelik lan dédé-Katoelik. Mèh sadaja colleges waoe sami dipoenadegaken déning Rama-rama Jésoewit bangsa warni-warni, lan ingkang dados professoripoen saking bangsa Éropah lan bangsa priboemi.

**Levant (Palestina):** ing Beiroet, universiteit „St. Joesoep", kaedegaken déning Rama-Rama Jésoewit Prasman t. 1875; ing sekawit namoeng moelang Philosophie lan Theologie, ladjeng t. 1883 wewah medicijnen, lan t. 1913 rechten.

Sadaja waoe manawi katanding kalijan sekolahan loehoer dédé-Katoelik katingal taksih kirang. Awit ing Djepang negari sampoen gadah universiteit warni-warni toer soeboer; ing Tokio kémawon tjatjahing prof. langkoeng saking 300:

Tiongkok gadah 25, opisijil oetawi partikelir; ingkang partikelir mèh sadaja gadahanipoen tijang Protestant. India-Inggris gadah colleges gamblokan 17, ingkang kalih Islam (Aligarh, Hyderabad); Hindoe 1 (Benares). Siam gadah univ. opisijil 1. Mesir univ. goeperménan 1, kadjawi poenika El-A'zhar (Islam) inggih taksih teroes wonten. Palestina wiwit taoen 1928 gadah univ. 1. (gadahanipoen bangsa Jahoedi) wonten ing Jéroesalèm.

**VOLKENBOND.**

— **Missie kalijan barang mendemi.** Wonten ing komprènsi international ing Geneve, ingkang ngrembag njoeda barang mendemi, Mgr. Beaupin ngandaraken pemanggihipoen Uni Katolik kanggé Studi Internasional. Andaran poenika moeroegaken émoet dateng poetoesan-poetoesanipoen parepataning para K. Biskop ing Tiongkok, kala taoen 1924 wonten ing Sjanghai, ingkang sampoen kaladosaken dateng regeering Tiongkok kados déné motie, makaten oegi dateng Sekretariatipoen Volkenbond ing Geneve. Tjekaking poetoesan waoe makaten: nanem toetoewoehan opijoem lan sasaminipoen kedah dipoenawisi margi anggènipoen andrawasi sanget. Andaranipoen Mgr. Beaupin moeroegaken émoet oegi dateng paring wangsoelan dalem K. Paoes dateng pambengokipoen Anti-Opium-Associatie National ing Tiongkok. (Djanoewari 1931). K. S. Bapa badé paring dawoeh dateng Delegat Apostolik ing Tiongkok, soepados para candidaat missionaris ing ngrika samia kalis ing memala poenika toewin toemoet-toemoeta ambéngkas.

†

**R. I. P.**

„Nalika tg. 2 Aug. 1931 èstri koela Julia Soeparijah katimbalan dateng djaman kalanggengan sasampoenipoen ambabar poetra djaler Augustinus Soedradjad.

Ngatoeraken sagoenging atoer panoewoen doemateng Rama R.M. Djajasepoetra, kalijan Schoenmakers ingkang sampoen sami paring sembahjangan saha para sadèrèk Katholiek miwah para prijantoen kakoeng poetri ingkang sami karsa ngoermati saha ngroemat lajon ngantos doemoegi ing makam, poenapa malih ingkang sami toemoet njanggi béla soengkawa.

*P. Sarwan.*

# KABAR OEMOEM.

## INDONESIA.

**Koeli Dèli kawangsoelaken.**

Kala woelan kapengker koeli saking tanah sabrang ingkang kawangsoelaken dateng th. Djawi wonten 2.061, poenika ingkang saking Sumatra pasisir kilèn 1.063. Sanèsipoen wonten ingkang saking kaboedidajan, Serawak, Malaka, Saigon l. s. s.

Nanging anèhipoen déné kala woelan kapengker waoe sanadjan sakedik, wonten koeli saking tanah Djawi, ingkang kaangkataken dateng sabrang.

Ingkang 95 saking Semarang; 172 saking Betawi.

**Kasilipoen P. T. T.**

Salebetipoen nem woelan ing taoen poenika (Januari—Juli) P.T.T. pikantoek arta f 16.683.776 mangka taoen kapengker inggih woelan Januari doemoegi Juli wonten f 17. 895.479.

**Pabrik sigarèt énggal.**

Ing Malang badé wonten pabrik Sigarèt „Faroka". Kabaripoen ing sadinten tjalon saged ngedalaken sigarèt sajoeta idji. Pabrikipoen manggèn ing papan ingkang djembaripoen 20.000 m².

**Mosi landrente.**

Raad Kawoela nampi mosipoen toewan van Mook, ingkang soeraosipoen neda soepados panjoedaning paos landrente kanggé taoen 1931, ladjeng katindakaken mitoeroet kawontenanipoen ing satoenggal-toenggaling panggénan. Anggènipoen makaten waoe ngèngeti moedoening reginipoen kasil boemi, ing sapoenika. Mangka roemijin anggènipoen netepaken paos waoe wawaton woeloe wedaling siti.

**Bank Nasional Indonesia.**

Wonten serat katerangan wangsoelanipoen paréntah, kapratélakaken nagari mboten ngawat-awati bank Nationaal Indonesia oetawi bank-bank partikelir sanèsipoen.

Sanadjan makaten, paréntah inggih meksa sesambetan kalijan bang waoe, perloe kanggé njoemerepi poenapa bank waoe toemindak saé saèstoe adadasar padagangan ngantos netepi wadjibipoen toemrap dateng para ingkang 'nggadahi andil.

Kadjawi poenika, inggih mboten wonten nalar, bilih bank waoe mawi kemoel abrit, lan panoentoen-panoentoenipoen inggih dédé éwonipoen tijang mérah.

**Soebsidi dipoenirid.**

Gandèng kalijan pakabaran, tjalon soedanipoen soebsidi kanggé lokale raden, J. B. saged martosaken bilih sadaja soebsidi, dateng pakempalan-pakempalan poenapa kémawon, badé dipoensoeda katah.

Pakempalan kanggé ngamal sarta instituut prakawis seserepan inggih katoet. Pranatan waoe mbokmanawi dipoenoendangakan ing woelan poenika, sarta saged ngirid dasanan éwon roepijah.

**Soedan blandja.**

Departement paprangan, manoet tjrijosipoen A. I. D. njebar serat dawoeh soeraosipoen prakawis soedaning blandja poenika boten ngèngingi Wadija bala Mangkoenegaran toewin barisan Madoera.

**Provinciale raad Djawi tengah.**

Poetoesanipoen Prov. Raad Djawi tengah arta pitoewas kanggé ragadipoen warga ingkang nenggani parepatan dipoensoeda dados f 9.—

**Neda medakipoen reregèn.**

Pakempalanipoen njonjah bangsa Europa ingkang nama Vereeniging van Vrouwenrechten ing Betawi, gandèng kalijan rekaosing djaman sapoenika, damel serat ingkang soeraosipoen mrajogèkaken, soepados para tetijang èstri ingkang ngrembag betah samia damel pakempalan, perloenipoen saged madjeng sasarengan, perloe neda medaking reregèn ing toko. Ing nagari Walandi sampoen dangoe wontenipoen pakempalan poenika, mila pakempalan waoe ngadjeng-adjeng soepados ing riki énggal noetoetana.

**Goepernoer Djéndral énggal.**

Kawartos: Gg. énggal Meester De Jonge, béndjing tanggal 8 September rawoeh ing Sabang. Tjalonipoen kinoermatan ing drèl rambah kaping 21. Éndjingipoen dateng Belawan.

**Maskapé lisah.**

Maskapé lisah ingkang nama K. P. M. pikantoek palilah ngeboer soember lisah 6 panggénan ing Atjèh, Rijo, Palembang Djawi wétan, Menado. Déné B. P. M. pikantoek idin, ndoedoek 15 panggénan, doemoenoeng ing tanah Djawi tengah, wétan, sarta Bornéjo sisih kidoel wétan.

**Tèh Indonesia.**

Taneman tèh mlebetipoen wonten tanah ngriki kinten-kinten kala 1824. Ing taoen 1925 siti ingkang dipoentanemi tèh 97.631 H. A. Déné pamedalipoen kados ing ngandap poenika:

| | | |
|---|---|---|
| 1925 . . . | 52.682.000 | kilo. |
| 1926 . . . | 62.920.000 | „ |
| 1927 . . . | 65.920.000 | „ |
| 1928 . . . | 72.078.000 | „ |
| 1929 . . . | 75.862.000 | „ |
| 1930 . . . | 78.596.000 | „ |

# MANTJA NAGARI.

**Tindak memedjahi dipoensirik.**

Pangrèhipoen partij Al India Congres nampi mosi, netepaken boten ngroedjoeki manawi tandang politiek ladjeng andjalari toemandang memedjahi. Serat-serat kabar kabangsan, dipoenteda kalajan sanget soepados propaganda menging tindak ingkang makaten poenika.

**FIRMA-MERDEKA**

WÉTAN STATION NGABÉAN — DJOKJAKARTA.

Soedah sedia bekakas roemah:
tempat tidoer, bultzak, lemari, medja, koersi,
semoea bikinan dari Indonesia betoel,
**barang baik harga pantes,**
dan bisa beli dengan
**huurkoop.**

Djoega trima pesenan medja sekolah dengan harga moerah, dan sedija toekang bultzak boeat bikin betoel bultzak goena didatengkan dimana tempat.

**Tarief onkost toekang bultzak dengan harga kain.**

| | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Bultzak | no. 1. | oekoeran | 2,30 × 1,90 | satoe | stel | 2 | goeling | 4 | bantal | f 10,50 |
| „ | no. 2. | „ | 2,20 × 1,60 | „ | „ | 2 | „ | 4 | „ | f 9,50 |
| „ | no. 3. | „ | 2,10 × 1,30 | „ | „ | 1 | „ | 2 | „ | f 7,— |
| „ | no. 4. | „ | 2,— × 1,15 | „ | „ | 1 | „ | 2 | „ | f 6,— |
| „ | no. 5. | „ | 2,— × 1,— | „ | „ | 1 | „ | 2 | „ | f 5,50 |

**Pesenan bikin betoel bultzak bisa kirim soerat lebih doeloe, dengan diterangkan pandjang lebarnja tempat tidoer.**

Hormat Saia
Eigenaar: R. A. SASTRODIHARDJO.